

# CORONAVIRUS (COVID-19)



## Konnen Dwa W FAQ

### Konsantre sou sante w ak sante fanmi w.

#### Eske mwen kapab mande trètman medikal san mwen pa gen yon doktè jeneralis oswa asirans sante?

Wi. Ou dwe fè tès oswa chache atansyon medikal si w gen sentòm COVID-19 yo. Fè tès pou COVID-19 la gratis kèlkeswa kondisyon rezidans ou.

#### Eske si mwen chèche trètman, sa kapab chanje kondisyon rezidans mwen?

Non. Ou kapab epi ou dwe wè yon doktè si w gen sentòm kowonaviris yo. Sa pap afekte demand rezidans ou ni kondisyon rezidans ou. Yo pap denonse w bay ICE oswa bay okenn ajans lè ou chèche trètman medikal.

#### Eske m ap resevwa konje peye si mwen oblije izole tèt mwen de travay mwen?

Petèt. Chak anplwayè ka bay pwòp règleman konje yo. Lwa sou Premye Repons pou Fanmi yo sou Kowonaviris la ("FFCRA") egzije pou patwon antrepriz piblik ak prive ki gen mwens pase 500 anplwaye founi konje peye maladi.

#### Eske mwen kapab resevwa benefis leta?

Wi. Si w se yon Rezidan Pèmanan Kalifye, ou kapab aplike epi resevwa benefis leta, epi sa pap afekte pwosesis imigrasyon manb fanmi w pral fè alavni avèk Sèvis Sitoyen ak Imigrasyon Ozetazini.

#### Eske kontraktè yo gen pwoteksyon pou konje peye oswa revokasyon?

Non. Men yo gen dwa jwenn dedomajman apati pwogram Asistans pou Chomaj pandan Pandemik la, ki bay kouvèti asirans pou anplwaye ki pat kouvri anvan yo.

#### Anplwayè yo nan obligasyon kenbe anplwaye yo an sekirite nan travay la.

- Òdonans Egzekitif Eta Delaware la egzije pou patwon yo founi pwoteksyon pou anplwaye yo. 13èm Òdonans Egzekitif la egzije pou patwon yo founi mask bay anplwaye yo si yo gen kontak ak piblik la oswa pa kapab aplike distans sosyal nan yon fason ki rezonab.
- 5èm Òdonans Egzekitif la egzije pou patwon yo swiv direktiv CDC yo, ki rekòmande règleman pwoteksyon siplemantè pou biznis ki rete ouvè yo.

#### Eske yo ofri pwoteksyon pou anplwaye ki pa kapab al travay paske yo menm oswa yon manb fanmi yo malad ak COVID-19 la?

Wi. Anpil anplwaye kalifye pou pwoteksyon anba Lwa Konje Maladi ak Fanmi leta a (FMLA) ki ofri anviwon 12 semèn, pou konje maladi san peye ak pwoteksyon travay. Anplwaye yo kalifye pou yo pran konje FMLA a si y ap travay pou yon patwon ki kouvri anba asirans sa a epi:

- yo te travay pou patwon an pou omwen 12 mwa;
- gen omwen 1,250 èdtan sèvis sou 12 mwa presedan yo; **epi**
- travay nan yon lokal kote omwen 50 anplwaye ap travay sou yon distans 75 mil kote patwon an anplwaye yo a.



#### Ranfòsman pou Rapòte

Si patwon w la pa pran bon prekosyon pou sante w nan espas travay ou a, rapòte sa bay Depatman Lajistis la nan:

[COVID.DOJ@delaware.gov](mailto:COVID.DOJ@delaware.gov)

#### Kesyon sou Kowonaviris la?

Pou plis enfòmasyon, rele nan 2-1-1 oswa 7-1-1 pou sa ki soud oswa mal pou tande ou byen tou, voye imèl bay [DPHCall@delaware.gov](mailto:DPHCall@delaware.gov)

[de.gov/coronavirus](https://de.gov/coronavirus)

Kreye nan dat 28/4/2020